

2023 - 2025

# Estrateji ak Endikatè Plan Amelyorasyon Sante Kominotè



**Public Health**  
Prevent. Promote. Protect.

Somerset County  
Health Department



**Public Health**  
Prevent. Promote. Protect.

Wicomico County  
Health Department

# Estrateji ak Endikatè Plan Amelyorasyon Sante Kominotè

## 2023 – 2025

### Rezime egzekitif: Lide konvèti an aksyon

TidalHealth, Depatman Sante Konte Somerset (Somerset County Health Department, SCHD) ak Depatman Sante Konte Wicomico (Wicomico County Health Department, WiCHD) te kolabore pou devlope Plan Amelyorasyon Sante Kominotè sa a ak Estrateji Aplikasyon an repons pou Evalyasyon Bezwèn Sante Kominotè 2022 a. Apwòch an kolaborasyon an diminye repetisyon resous yo epi li bay yon apwòch ki pi konplè pou adrese amelyorasyon sante. Pou rezon rapò sa a, twa òganizasyon prensipal yo: TidalHealth, SCHD, ak WiCHD ansanm pral refere antanke "Patenarya a."

Yon plan amelyorasyon sante kominotè (oswa CHIP) se yon efò sistematik alontèm pou adrese pwoblèm sante publik ki baze sou rezulta aktivite evalyasyon sante kominotè yo ak pwosesis amelyorasyon sante kominotè a. Sante ak lòt ajans fòmasyon gouvènmantal ak sèvis imen, an kolaborasyon ak patnè kominotè yo, itilize plan sa a pou fikse priyorite, kowòdone epi vize resous yo. Nan kè plan sa a gen objektif ak aksyon fondamantal ki pral pèmèt kominote yo amelyore sante ak anviwònman, aplike règleman pou sipòte estil lavi an sante, ogmante aksè nan sèvis sante, ak ranfòse sistèm pwoteksyon ki ankouraje livrezon sèvis sante ki pi efikas ak egal.

Conduent HCI te travay ak Patenarya a kòm yon komite lidèchip pou kreye yon kad konjwen ki sèvi tou de ni bezwen lopital san bi likratif ni patnè depatman sante yo, ansanm ak tout zòn sèvis ki kouvri Kot Lès Pi Ba nan Maryland ak Konte Sussex, Delaware.

# Estrateji Amelyorasyon Sante Entegre nan Eta Maryland (SIHIS) pou 2022

An 2019, Eta Maryland te kolabore ak Sant pou Inovasyon Medicare ak Medicaid (Center for Medicare and Medicaid Innovation, CMMI) pou etabli domèn kalite ak livrezon swen sante ke Eta a ta ka gen enpak sou yo nan kad Modèl Pri Total Swen (Total Cost of Care, TCOC). Kolaborasyon an te gen ladann tou yon pwosesis ak delè ke yo te dakò pou Eta a ta soumèt objektif, mezi, etap enpòtan, ak sib yo pwopoze bay CMMI. Kòm rezulta kolaborasyon ak CMMI, Eta a te konkli yon Protokòl Antant (Memorandum of Understanding, MOU) ki te egzije Maryland bay CMMI yon pwopozisyon pou Estrateji Amelyorasyon Sante Entegre nan Eta a (Statewide Integrated Health Improvement Strategy, SIHIS) anvan 31 desanm 2020. SIHIS alinyen efò l atravè eta a nan twa domèn ki gen rapò ant yo epi, si yo adrese avèk siksè, gen potansyèl la pou fè amelyorasyon enpòtan pa sèlman nan sistèm swen sante Maryland la, men nan rezulta sante Marylanders yo.

Pi gwo priyorite sante ki idantifye pou SIHIS Maryland yo te:

1. Kalite Lopital
2. Transfòmasyon Swen Atravè Sistèm nan
3. Total Sante Popilasyon Dyabèt
4. Total Sante Popilasyon Twoub Asosye ak Itilizasyon Opyoyid
5. Total Sante Popilasyon Sante Matènèl ak Sante Timoun

Pi gwo defi sante entèkoneksyon Maryland yo, ansam ak konsistans jeneral priyorite sante yo idantifye nan evalyasyon CHNA a, endike anpil opòtinite pou kolaborasyon ant yon gwo varyete patnè nan nivo eta ak lokal, ki gen ladan yo òganizasyon sante fizik ak konpòtmantal ak sektè ki pa nan lasante yo. Nou espere kad sa a pral sèvi kòm yon baz pou kolaborasyon sa a.

Pou wè tout Estrateji Amelyorasyon Sante Entegre nan Eta a pou 2021 an, tanpri vizite:

[https://hscrc.maryland.gov/Documents/Modernization/Statewide Integrated Health Improvement Strategy/SIHIS 2021 Annual Report FINAL w appendix.pdf](https://hscrc.maryland.gov/Documents/Modernization/Statewide%20Integrated%20Health%20Improvement%20Strategy/SIHIS%202021%20Annual%20Report%20FINAL%20w%20appendix.pdf)

# **Plan Amelyorasyon Sante Entegre nan Eta Delaware pou ane 2022 (SHIP)**

Evalyasyon Sante Eta a (State Health Assessment, SHA), Plan Amelyorasyon Sante Eta a (Statewide Integrated Health Improvement Plan, SHIP), ak Plan Estratejik Òganizasyon Divizyon Sante Piblik la se kondisyon preyalab pou Depatman Sante Eta yo k ap chèche akreditasyon nan men Konsèy Nasional Akreditasyon Sante Piblik (Public Health Accreditation Board, PHAB).

Pwogram SHIP Depatman Sante Eta a reponn bezwen tout sitwayen nan eta a. SHIP la se yon plan sistematik alontèm pou adrese pwoblèm yo idantifye nan SHA. Objektif SHIP la se dekri kijan depatman sante ak kominate li sèvi a pral travay ansanm pou amelyore sante popilasyon an nan jiridiksyon yo. Kominate a, moun ki gen enterè yo, ak patnè yo ka itilize yon SHIP solid pou fikse priyorite yo, dirije itilizasyon resous yo, epi devlope ak reyalize pwojè, pwogram ak règleman yo.

**Estrateji baze sou Prèv epi Ankourajan nan zòn priyorite SHIP pou 2020 yo gen ladan yo:**

- Maladi Kwonik
- Sante Matènèl ak Timoun
- Twoub Asosye ak Itilizasyon Sibstans
- Sante Mantal

## **Kondisyon pou Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Services, IRS) pou Lopital**

Sèten lopital jan sa tabli nan règleman Seksyon 501(r) oblige ranpli yon CHNA ak yon estrateji aplikasyon korespondan omwen yon fwa chak twazan an akò ak règleman pibliye pa Sèvis Revni Entèn dapre Lwa Pwoteksyon Pasyan ak Swen Abòdab (Patient Protection and Affordable Care Act, ACA), 2010. Patenarya kap kolabore nan kad CHIP sa a te adopte CHNA ki pi resan an nan mwa avril 2022 dapre egzijans Lwa sou Swen Abòdab (Affordable Care Act) ak kondisyon IRS 990 Schedule H.

## **Komisyon Akreditasyon Sante Piblik (Public Health Accreditation Board, PHAB) Kondisyon Akreditasyon**

Akreditasyon PHAB se yon pwosesis ki sipòte depatman sante pou amelyore ak ranfòse kalite, responsabilite ak pèfòmans. WiCHD te akredite pa PHAB depi 2016; SCHD ap travay kounye a pou premye akreditasyon PHAB. Pou resevwa ak kenbe akreditasyon PHAB, depatman sante yo, ansanm ak patnè yo dwe genyen yon apwòch konplè pou evalye sante kominate a. Lè sa a, yo itilize rezulta evalyasyon yo pou devlope ak aplike yon plan amelyorasyon sante kominotè (Community Health Improvement Plan, CHIP) pou reponn pi gwo bezwen sante yo idantifye. CHIP la bay depatman sante yo, patnè li yo ak moun ki gen enterè yo konsèy pou amelyore sante popilasyon nan jiridiksyon an.

## **Idantifikasyon ak Priyорite Bezwен yo**

Patenarya a te revize epi diskite rezulta nòt bezwen kominotè enpòtan yo epi idantifye twa domèn priyорite pou planifikasyon reyalizasyon annapre yo. Twa domèn priyорite sa yo se:

1. Aksè ak Egalite nan Sante
2. Sante Konpòtmantal
3. Maladi Kwonik ak Byennèt

Pou pi byen vize aktivite yo pou reponn bezwen sante pi ijan yo, patenarya a kolabore lè li patisipe nan de seyans travay vityèl epi ak kèk seyans kolaborasyon chak semèn ki te fasilité pa Conduent HCI. Youn nan eleman santral egzèsis vityèl sa yo se te yon apwòch ki pa tradisyonèl pou batí konsansis ozalantou aktivite yo ki ta bay nan Bi, Objektif ak Estrateji yo. Nan domèn Sante Piblik ak Swen Sante, te gen yon konvèsasyon serye pou santre egalite nan diskisyón an ak konsiderasyon pou batí estrateji alontèm ki sipòte kominote yo sèvi yo. Fè òganizasyon yo travay ansanm epi wè rezulta pozitif envestisman yo a esansyèl pou reyalizasyon solisyón kap evolye yo ak aksyon sible andedan kominote yap sèvi yo. Patenarya a te itilize de estrateji diferan pou devlope kad final la, Aliyman Sistèm Sante a ak Kad Responsabilite Baze sou Rezulta yo.

## **Aliyman Kad Sistèm Sante yo**

Fondasyon Robert Wood Johnson ansanm ak patnè li yo te devlope yon kad kolaborasyon ki te adrese sektè ki travay ansanm tradisyonèlman, men anjeneral pa alien dirèkteman nan operasyon yo, oswa fason yo abòde pwoblèm kominote konplèks. Nan kontèks sa a, Sante Piblik, Swen Sante ak Sèvis Sosyal bezwen mete aksan sou kowòdinasyon pi lwen pase travay kolaborasyon baze sou yon gress pwojè, epi konsantre pito sou sektè sa yo pou travay ansanm nan novo fason pou amelyore sante ak byennèt kominote ke yo tout ap sèvi yo. Patenarya a te itilize kad sa a pou alien sou nivo ki pi wo yo ozalantou gwo objektif alontèm.

## **Siveyans Pwogrè Plan**

Plan pou amelyorasyon sante kominotè sa a (CHIP) se yon plan aksyon pou twazan. CHIP la se yon dokiman vivan, ki pral kontinye evolye apre premye piblikasyon an. Pa egzanp, estrateji yo ka bezwen revizyon oswa yo ka ajoute novo estrateji baze sou yon objektif yo atenn. Konte Somerset ak Wicomico yo chak gen yon Kowalisyon pou Amelyorasyon Sante Lokal (Local Health Improvement Coalition, LHIC). Manm de LHIC yo se moun ki gen enterè nan nivo jiridiksyon ak patnè kominotè yo, ki gen responsabilite pou yo bay opinyon ak konsèy sou evalyasyon bezwen sante kominote a ak sipèvizon epi siveyans CHIP la.

Yon fwa yo mete yo an aplikasyon, LHIC yo pral evalye CHIP la sou yon baz kontinyèl pou swiv sitiyasyon efò a oswa rezulta aksyon yo pran pou aplike estrateji CHIP yo. LHIC yo pral responsab pou swiv epi kolekte done yo. Patenarya a pral fè amannman nan objektif ak estrateji CHIP yo lè sa aplikab epi li pral prepare rapò sou pwogrè chak ane.



# Aksè ak Egalite nan Sante

Kreye yon kilti sante pou tout kominate yo

Endikatè Aliyman (yo): Granmoun ki gen asirans sante, granmoun ki pa gen mwayen pou yo wè yon doktè, tarif founisè prensipal yo

## Objektif 1.1: Ogmante aksè egal nan swen sante

Objektif (yo)	Estrateji (Mèt Pwogram)	Mezi Pèfòmans
<p>1. Pou rive jen 2025, ogmante kouvèti asirans pou popilasyon ki gen diferans nan asirans sante.</p> <p><b>Wicomico:</b> Ogmante kouvèti asirans pou rezidan Ispanik nan Konte Wicomico rive 75% (referans 2020 = 65.3%).</p> <p><b>Somerset:</b> Kenbe pousantaj kouvèti asirans pou rezidan Ispanik nan Konte Somerset a 90% (referans 2020 = 90%).</p> <p><b>Sussex:</b> Kenbe pousantaj granmoun ki gen asirans sante a 90%.</p>	<ul style="list-style-type: none"><li>Sansibilize gwoup ki pa gen asirans ak gwoup ki pa gen asirans pou ogmante enskripsyon nan asirans sante. (Program Asistans pou Asirans Sante Lower Shore [Lower Shore Health Insurance Assistance Program] - Depatman Sante Konte Worcester [Worcester County Health Department])</li><li>Asistans pou Sansibilizasyon ak MCHIP espesyalman pou rezidan Ispanik yo. (WiCHD)</li><li>Kontinye travay k ap fèt kounye a nan pwogram migran an epi entegre Travayè Sante Kominotè nou yo nan etablisman swen sante yo. (SCHD)</li><li>Verifye si pasyan yo kouvari pa asirans sante epi refere yo bay pwogram asistans asirans sante ak navigatè (TidalHealth)</li><li>Refere timoun ki pa gen asirans sante nan Sant Byennèt ki nan Lekòl yo bay Travayè Sante Kominotè (TidalHealth)</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>Pousantaj rezidan Ispanik ki gen asirans sante pou Konte Wicomico ak Somerset</li><li>Kantite aktivite sensibilizasyon ki fèt pou fè pemosyon pou kouvèti asirans sante pamí popilasyon ki pa gen asirans ak moun ki pa gen bon asirans</li></ul>

## Objektif 1.1: Ogmante aksè egal nan swen sante (kontinyasyon)

Objektif (yo)	Estrateji (Mèt Pwogram)	Mezi Pèfòmans
<p>2. Pou rive jen 2025, etabli yon pwosesis pou detèmine pousantaj kouvèti asirans pou popilasyon ayisyen an.</p> <p><b>Wicomico:</b> Pwosesis ki te kreye ak pilote anvan jen 2025.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Travay ak patnè LHIC pou devlope ak pilote pwosesis. (WiCHD)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pwosesis dokimante</li> <li>Rezulta pilòt pwosesis yo te mete an aplikasyon</li> </ul>
<p>3. Pou rive Desanm 2023, aplike pi bon pratik ak nòmalizasyon detèminan sosyal depistaj sante ak referans fèmen, ak oryantasyon bidireksyonèl atravè plizyè sektè ak patnè baze nan kominote a.</p> <p><b>Domèn sèvis:</b> Adopte yon zouti pou depistaj ak platfòm pou oryantasyon.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Fè yon analiz anviwònman patnè yo ki baze nan kominote a pou evalye kilès ki ap itilize depistaj SDOH kounye a (TidalHealth).</li> <li>Ogmante adopsyon ak itilizasyon sèvis swen sosyal ak platfòm pou oryantasyon resous pamì òganizasyon kominotè yo pa egzanp findhelp. (TidalHealth)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pwosesis dokimante ak zouti idantifye.</li> <li>Etabli yon referans pou adoptè zouti idantifye a(yo) epi ogmante kantite òganizasyon kominotè (Community-Based Organizations, CBO) yo lè i sèvi ak zouti pou tès depistaj ak referans.</li> </ul>
<p>4. Pou rive jen 2025, ogmante divèsite mendèv sante kominotè nan sistèm sante, sante publik ak sektè konekte yo.</p> <p><b>Domèn sèvis:</b> Etabli baz referans pou CHW nan chak konte.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Detèmine mezi debaz Travayè Sante Kominotè (Community Health Workers, CHWs), ki gen ladann kantite CHW bileng yo. (LHICs)</li> <li>Ogmante aksè nan finansman pou sipòte fòmasyon pou sètifikasyon ak salè pou pozisyon Travayè Sante Kominotè (CHW) nan swen sante lokal, sante publik, ak òganizasyon ki baze nan kominote k ap sèvi popilasyon majinalize oswa defavorize yo nan kolabore sou sibvansyon ak akò peman altènatif ak Medicaid MCOs (TidalHealth).</li> <li>Etabli yon asyosyasyon reyjonal pou CHWs pou sipòte devlopman mendèv (Eastern Shore Area Health Education Center, ESAHEC)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Baz referans CHW yo nan kominote oriin yo.</li> <li>Kantite nouvo CHW yo anboche an jeneral</li> <li>Kantite nouvo CHW bileng anboche</li> <li>Kantite CHW sètifye</li> <li>Kreyasyon asosyasyon reyjonal CHW</li> </ul>

**Objektif 1.2: Bay edikasyon epi ankouraje sansibilizasyon sou egalite sante, ki gen ladan rekòmandasyon pou règleman**

Objektif (yo)	Estrateji (Mèt Pwogram)	Mezi Pèfòmans
1. Pou rive jen 2024, devlope epi adopte Kad Egalite Sante a(yo) nan mitan òganizasyon patnè kle yo.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Patisipe nan kolaborasyon aprantisaj sou egalite nan sante epi adopte kad Institute of Healthcare Improvement's Health Equity (TidalHealth)</li> <li>Etabli yon sou-komite nan LHIC a ki pou responsab Egalite Sante (Wicomico LHIC)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Rezulta objektif pwojè egalite nan sante jan sa idantifye pa TidalHealth</li> <li>Soukomite Egalite-Sante etabli</li> </ul>
2. Pou rive mwa jen 2025, kowalisyon sante lokal yo prezante omwen yon rekòmandasyon règleman ki gen rapò ak egalite sante.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Fè yon analiz anviwònman an pou òganizasyon kominotè yo evalye règleman alfabetizasyon sante ak resous ki an plas (Somerset ak Wicomico LHICs)</li> <li>Kreye plan aksyon pou adresé twou vid yo idantifye nan analiz anviwònman an. (Somerset ak Wicomico LHICs)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Dokimante egzamen konplete</li> <li>Plan aksyon konplete</li> </ul>
3. Jen 2024, ogmante angajman divès manm kominote yo nan kowalisyon amelyorasyon sante lokal nan konte Somerset ak Wicomico.  <b>Wicomico ak Somerset:</b> Rekrite omwen 2 manm LHIC chak ane.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Konplete analiz anyèl manm LHIC yo epi rekrite nouvo manm baze sou twou vid yo idantifye yo (SCHD ak WiCHD)</li> <li>Ankouraje LHIC nan divès gwooup tankou Lower Shore Vulnerable Populations Task Force (Gwooup travay sou Popilasyon Vilnerab nan Kòt-Ba) pou ogmante angajman ak manm pami gwooup ki pa reprezante yo. (SCHD ak WiCHD)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Rapò analiz manm LHIC</li> <li>Kantite nouvo manm LHIC an jeneral</li> <li>Kantite nouvo manm LHIC pa sektè</li> <li>Kantite prezantasyon sansibilizasyon LHIC a</li> </ul>



# Sante Konpòtmantal

Diminisyon chòk ak amelyorasyon aksè

Endikatè aliyman (yo): Detrès mantal souvan, move jou sante mantal, sante mantal pèsonèl ou rapòte, pousantaj lanmò poutèt itilizasyon dwòg

## Objektif 2: Amelyore sante konpòtmantal atravè prevansyon, tretman, ak rekiperasyon

Objektif (yo)	Estrateji (Mèt Pwogram)	Mezi Pèfòmans
<p>1. Pou rive jen 2025, diminye pousantaj moun ki touye tèt yo nan zòn sèvis la.</p> <p><b>Wicomico:</b> Diminye pousantaj a 9.0 pou chak 100,000 (Baz referans: 11.7 an 2020).</p> <p><b>Sussex:</b> Reduce rate to 10 per 100,000 (Baseline 11.9 in 2020)</p>	<ul style="list-style-type: none"><li>Ogmante kantite moun ki resevwa fòmasyon nan Premye Swen Sante Mantal (WiCHD)</li><li>Mete Pwogram Talk Saves Lives la (Pale Sove Lavi) an aplikasyon (WiCHD).</li><li>Fòme kominote a sou Liy Kriz Swisid 988 lan (WiCHD)</li><li>Ogmante aksè nan sèvis tretman ak prevansyon ki gen ladann Crisis Stabilization Center (Sant Estabilizasyon Kriz) la (TidalHealth)</li><li>ACT (Lower Shore Clinic)</li><li>Fè sondaj PHQ 2 ak 9 nan anviwònnman swen prensipal yo (TidalHealth)</li><li>Sipòte Kwalisyon pou Sante nan Konte Sussex sou estrateji prevansyon swisid</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>Moun ki resevwa fòmasyon nan Premye Swen Sante Mantal</li><li>Pousantaj tès depistaj PHQ 2 ak 9 (Objektif: 90 pousan)</li></ul>

**Objektif 2: Amelyore sante konpòtmantal atravè prevansyon, tretman, ak rekiperasyon (kontinyasyon)**

Objektif (yo)	Estrateji (Mèt Pwogram)	Mezi Pèfòmans
<p>2. <b>Pou rive jen 2025, redui epi anpeche move itilizasyon opyòid ak ovèdoz.</b></p> <p><b>Wicomico:</b> Diminye lanmò pa 40% (Baz referans: 39 an 2020).</p> <p><b>Somerset:</b> Redui pousantaj mòtalite pa 25% (Baz referans se 13 an 2020)</p> <p><b>Sussex:</b> Diminye pousantaj mòtalite pa ovèdoz dwòg ak opyoyid soti 46,6 rive 44,6 pou 1000 ajiste dapre laj.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ogmante aksè nan Narcan/Naloxone ak fòmasyon nan kominote a (WiCHD)</li> <li>Kontyne konekte moun yo ak tretman atravè sèvis Ekip Sansibilizasyon Kominotè pou Adiksyon (Community Outreach Addiction Team, COAT). (WiCHD)</li> <li>Ogmante aksè nan sèvis tretman ak prevansyon ki gen ladann Sant Estabilizasyon Kriz la (TidalHealth)</li> <li>Bay epi ankouraje itilizasyon Narcan/Naloxone nan moman egzeyat lè yo preskri medikaman opyòid (TidalHealth).</li> <li>Bay ak ankouraje itilizasyon Narcan/Naloxone nan kominote a (TidalHealth)</li> <li>Sipòte kanpay reyjonal Go Purple yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kantite fòmasyon Narcan pou moun ki gen eksperians sosyal ak manm fanmi yo. (WiCHD, TidalHealth)</li> <li>Pousantaj kontak COAT(ak ladann moun ki pa-rezidan yo) ki reyisi suiv yon tretman.</li> <li>Pousantaj kliyan COAT ki rete nan rekiperasyon pou omwen sis mwa.</li> </ul>
<p>3. <b>Pou rive jen 2025, ranfòse modèl sante konpòtmantal -swen prensipal la nan mitan founisè swen sante lokal yo.</b></p> <p><b>Wicomico:</b></p> <p>Objektif Detay Akademik = 12 vizit</p> <p>Objektif Hub ak Spoke = 15 moun yo sèvi atravè kowòdinasyon swen.</p> <p>Sib: 1,000 referans bay terapet sante konpòtmantal TidalHealth chak ane</p> <p>Objektif: 90 poustan pasyan fè tès depistaj pou PHQ 2/9 (TidalHealth)</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ogmante referans bay terapet sante konpòtmantal yo nan klinik swen prensipal TidalHealth Medical Partners.</li> <li>Ogmante tès depistaj PHQ 2 ak 9 nan klinik swen prensipal TidalHealth Medical Partners (TidalHealth)</li> <li>Pwogram Hub ak Spoke pral sipòte moun k ap preskri nan kominote a pou ogmante swen pou plis pasyan ki gen pwoblèm itilizasyon opyòid. (WiCHD)</li> <li>Vizit enfòmasyon akademik pou founisè swen sante pou meyè pratik nan preskripsyon opyòid. (WiCHD)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kantite referans bay yon terapet sante konpòtmantal TidalHealth (Objektif: 1,000 referans chak ane)</li> <li>Pousantaj tès depistaj PHQ 2 ak 9 (Objektif: 90 poustan)</li> <li>Kantite moun k ap resevwa kowòdinasyon swen atravè Pwogram Hub ak Spoke.</li> <li>Kantite vizit enspeksyon akademik</li> </ul>

**Objektif 2: Amelyore sante konpòtmantal atravè prevansyon, tretman, ak rekiperasyon (kontinyasyon)**

Objektif (yo)	Estrateji (Mèt Pwogram)	Mezi Pèfòmans
<p>4. Pou rive jen 2025, diminye pwopòsyon grannoun ki rapòte twòp jou move sante mantal.</p> <p><b>Wicomico:</b> diminye pwopòsyon grannoun ki rapòte move sante mantal pandan 14 jou oswa plis chak mwa rive 12%. (Baz referans: 15.3%; MD BRFSS)</p> <p><b>Sussex:</b> Diminye a 10% (Baz referans 11.9% nan 2020)</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Elajи pwogram PEARLS (TidalHealth/MAC)</li> <li>Tretman Kominotè Asètif (Assertive Community Treatment, ACT) (Lower Shore Clinic)</li> <li>Ogmante referans sou sante konpòtmantal (TidalHealth)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kantite moun ki konplete Pwogram PEARLS</li> </ul>



# Maladi kwonik ak Byennèt

Byennèt nan tout aspè nan lavi

Endikatè aliyman Healthy 2030 (yo):

## Objektif 3.1: Diminye prevalans ak mòtalite maladi kwonik nan zòn Patenarya a

Objektif (yo)	Estrateji (Mèt Pwogram)	Mezi Pèfòmans
<p>1. <b>Pou rive jen 2025, diminye prevalans dyabèt pamí granmoun nan zòn sèvis la.</b></p> <p><b>Wicomico:</b> Diminye prevalans rive 8.0% (Baz referans: 10.9% an 2020).</p> <p><b>Sussex:</b> Diminye prevalans a 13% (Baz referans: 15.7% an 2020)</p>	<ul style="list-style-type: none"><li>Fasilite omwen de gwoup Pwogram Prevansyon Dyabèt (Diabetes Prevention Program, DPP) pou chak ane fiskal. (WiCHD).</li><li>Ranfòse pwosesis referans ant founisè swen prensipal ak founisè DPP yo. (WiCHD)</li><li>Ogmante aksè nan Pwogram Nasional Prevansyon Dyabèt (National Diabetes Prevention Program) la lè w bay li nan anviwònman kominotè. (WiCHD)</li><li>Facilite omwen twa gwoup Pwogram Prevansyon Dyabèt pou chak ane fiskal. (SCHD)</li><li>Kenbe pwosesis referans aktyèl la ak relasyon ak Chesapeake Healthcare (CHC) Eseye tou konekte ak lòt founisè pou resevwa referans anplis. (WiCHD)</li><li>Ogmante referans nan men founisè swen prensipal TidalHealth - itilize rapò CRISP DPP pou idantifye pasyan potansyèl pou referans (TidalHealth)</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>Kantite gwoup DPP yo</li><li>Kantite founisè swen sante ki fè referans bay DPP a (5)</li><li>Kantite moun ke yo refere bay pwogram DPP pou diminye faktè risk pou dyabèt tip 2 (25)</li><li>Kantite gwoup yo te lanse</li><li>Kantite patisipan DPP ki enskri; kantite patisipan yo kenbe pa sesyon 4 (30)</li></ul>

**Objektif 3.1: Diminye prevalans ak mòtalite maladi kwonik nan zòn Patenarya a (kontinyasyon)**

Objektif (yo)	Estrateji (Mèt Pwogram)	Mezi Pèfòmans
1. (kontinyasyon)	<ul style="list-style-type: none"> <li>Angaje omwen 2 founisè swen sante pou refere patisipan yo bay DPP (SCHD)</li> <li>Bay pwogram nasyonal DPP chanjman fòm nan omwen de gwoup pou omwen 30 nouvo patisipan</li> </ul>	
2. <b>Pou rive jen 2025, diminye pousantaj vizit nan Depatman Ijans lopital, admisyon ak readmisyon pou dyabèt ak tansyon wo pami granmoun yo.</b>  Dapre done Maryland CRISP yo te bay an 2019: 5% rediksyon nan rankont mwayèn lopital pou tansyon wo (pousantaj: 470/1000)  5% rediksyon nan rankont mwayèn lopital pou dyabèt (pousantaj: 8/1000)	<ul style="list-style-type: none"> <li>Fè fonksyone yon pwogram sante mobil entegre (SWIFT) (TidalHealth ak Depatman Ponpye Salisbury)</li> <li>Bay Siveyans Pasyan Adistan pou pasyan ki gen gwo risk ak maladi kwonik tankou dyabèt, Ensifizans Kadyak, Maladi Kwonik Obstriktif Pilmonè (TidalHealth)</li> <li>Bay tès depistaj sante, sansibilizasyon, ak fòmasyon nan kominate a ki gen ladann evalyasyon risk dyabèt ak kontwòl tansyon. (TidalHealth)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kantiye pasyan SWIFT sèvi</li> <li>Itilizasyon pasyan SWIFT yo Avan/Aprè</li> <li>Kantiye moun ki sèvi nan pwogram RPM ak done avan/aprè yo</li> <li>Kantiye tès depistaj ak aktivite sansibilizasyon atravè klinik mobil</li> </ul>
3. <b>Pou rive jen 2025, ogmante pwopòsyon adilt ki resevwa swen sante prevantif ki baze sou prèv ki gen ladan tès depistaj.</b>  <b>Wicomico:</b> Ogmante granmoun k ap resevwa kontwòl sante woutin resan rive 90% (Baz referans: 81.2% an 2020).  <b>Somerset:</b> Ogmante granmoun k ap resevwa kontwòl sante woutin resan rive 85% (Baz referans: 76.9%)  <b>Sussex:</b> Ogmante sansibilizasyon ak itilizasyon tès depistaj kansè pwostat ki rekòmande.	<ul style="list-style-type: none"> <li>Fè omwen 25 tès kolorektal nan yon ane. (WiCHD)</li> <li>Fè omwen 12 tès kolorektal pa ane. (SCHD)</li> <li>Lanse yon kanpay sansibilizasyon ak konsyantizasyon pou ogmante akseptasyon ak itilizasyon tès depistaj kansè pwostat (TidalHealth)</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kantiye tès kolorektal yo konplete</li> <li>Kantiye evènman sansibilizasyon ak moun ke yo rive jwenn</li> </ul>

## Objektif 3.2: Ankouraje ak sipòte yon estil lavi ki an sante ak byennèt nan zòn sèvis la pou diminye risk maladi kwonik

Objektif (yo)	Estrateji (Mèt Pwogram)	Mezi Pèfòmans
<p>1. Anvan 2025, diminye pwopòsyon moun ki twò gwo oswa obèz.</p> <p><b>Wicomico:</b> Diminye prevalans rive 8.0% (Baz referans: 10.9% an 2020).</p> <p><b>Somerset:</b> Diminye prevalans a 13% (Baz referans: 15.7% an 2020)</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ankouraje ak ogmante patisipasyon nan Pwogram Oto-Jesyon Maladi Kwonik ak Estil Lavi an Sante. (TidalHealth ak MAC)</li> <li>Ogmante patisipasyon nan defi kominotè pou Estil Lavi an Sante (WiCHD).</li> <li>Ankouraje ak ogmante inisyativ pou mache (WiCHD)</li> <li>Ankouraje itilizasyon jaden kominotè yo kòm yon sous pou pwodui ki an sante, gratis. (WiCHD)</li> <li>Aplike yon kanpay maketing sosyal pou ankouraje yon estil lavi an sante (WiCHD)</li> <li>Kolabore ak kwalisyon pou Sante nan Konte Sussex epi patisipe nan kanpay Sussex Let's Get Healthy (TidalHealth).</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kantite patisipan nan pwogram estil lavi an sante</li> <li>Pousantaj fini nan pwogram estil lavi an sante</li> <li>Patisipasyon nan inisyativ mache</li> <li>Itilizasyon jaden kominotè yo</li> <li>Pòte kanpay maketing sosyal</li> </ul>
<p>2. Pou rive 2025, ogmante pwopòsyon rezidan ki reyalize nivo aktivite fizik rekòmande (150 minit pa semèn nan aktivite modere oswa nan aktivite ak fòs ekivalan).</p> <p><b>Wicomico:</b> Ogmante pwopòsyon rezidan ki gen nivo aktivite fizik rekòmande pou rive omwen 55% (Baz referans: 50.5% an 2019).</p> <p><b>Somerset:</b> Ogmante pwopòsyon rezidan ki gen nivo aktivite fizik rekòmande pou rive omwen 45% (Baz referans: 39.2% an 2019)</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ankouraje ak ogmante patisipasyon nan inisyativ mache. (WiCHD) (SCHD)</li> <li>Ogmante ak ankouraje pwogram aktivite fizik atravè (Young Men Christian Associations, YMCA) lokal yo. (YMCA)</li> <li>Ogmante ak ankouraje pwogram aktivite fizik atravè MAC, Inc. pou granmoun aje. (MAC, Inc.)</li> <li>Kolabore ak Kwalisyon pou Sante nan Konte Sussex epi patisipe nan kanpay Let's Get Healthy Sussex.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kantite patisipan nan pwogram aktivite fizik nan YMCA ak MAC</li> <li>Kantite patisipan nan inisyativ mache</li> </ul>

## **Referans:**

Òganizasyon Otè Aligning Systems for Health. (30 novanm 2020). *A theory of change for aligning health care, public health, and social services in the time of COVID-19*. RWJF Alignment. Rekipere 30 septanm 2022, nan <https://www.alignforhealth.org/resource/a-theory-of-change-for-aligning-health-care-public-health-and-social-services-in-the-time-of-covid-19/>

Òganizasyon Otè Northeastern University. (23 mas 2020). *Aligning Health Care and social services: Recommendations for effective engagement*. RWJF Alignment. Rekipere 30 septanm 2022, nan <https://www.alignforhealth.org/resource/aligning-health-care-and-social-services-recommendations-for-effective-engagement/>

Òganizasyon Otè ReThink Health (Otè Òganizasyon ReThink Health). (23 jen 2020). *Doing business differently, together: The story of rethink health ventures*. RWJF Alignment. Rekipere 30 septanm 2022, nan <https://www.alignforhealth.org/resource/doing-business-differently-together-the-story-of-rethink-health-ventures/>

Delaware SHIP. (n.d.). *Delaware State Health Improvement Plan*. Delaware SHIP. Rekipere 28 septanm 2022, nan <https://delawareship.org/>

Friedman, M. (16 jen 2022). *Results-based accountability — overview and guide*. Clear Impact. Rekipere 3 oktòb 2022, nan <https://clearimpact.com/results-based-accountability/>

Public Health Accreditation Board. (4 out 2022). Rekipere 1ye oktòb 2022, nan <https://phaboard.org/about/>

*RWJF's approach: Alignment*. RWJF Alignment. (4 me 2021). Rekipere 21 septanm 2022, nan <https://www.alignforhealth.org/framework/>

*Statewide Integrated Health Improvement Strategy*. The Maryland Health Services Cost Review Commission (n.d.). Rekipere 21 septanm 2022, nan <https://hscrc.maryland.gov/Pages/Statewide-Integrated-Health-Improvement-Strategy-.aspx>



**Public Health**  
Prevent. Promote. Protect.

Somerset County  
Health Department



**Public Health**  
Prevent. Promote. Protect.

Wicomico County  
Health Department